Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БеквичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 31 (6492) 20 июнь 2016 с. Итни Рамазан 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Медицинаялъул хIалтIухъабазда баркула

**ХIурматиял Гумбет районалъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби! РакI- ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам – сахлъи цIуниялъул хIалтIухъанасул къо.**

Жакъа халкъ социалияб рахъалъ цIуниялда ва лъайкьеялда цадахъго, сахлъи цIуниялъул бутIаялда цIилъаби гьарулеб заманалда гьеб буго киназего медицинаялъулаб хъулухъ гьабиялъул ва медицинаялъулаб хIасил кьеялъул даража борхизабиялъул пачалихъияб политикаялъул аслияб рахълъун. Медицинаялъул хIалтIухъанасда тIад буго гIадамазул сахлъи цIуниялъул кIудияб жавабчилъи, гьединлъидал гьел рукIине ккола махщалил рахъалъ церетIураллъун.

Нилъер районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазги мустахIикъаб бутIа лъолеб буго гIадамазул сахлъи цIуниялъул жавабияб ишалъулъ, хIаракат бахъулеб буго жидеда тIадаб борч тIубазабизе. Божилъи загьир гьабула районалъул сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабаз жидеда цере лъурал масъалаби хадурккунги тIадегIанаб махщалида тIуразаризе рукIиналда, медицинаялъул хъулухъ гьабиялъул даража борхизабизе букIиналда.

Районалъул сахлъи цIуниялъул киналго хIалтIухъабазе гьарула щулияб сахлъи, икъбал, талихI, халатаб гIумру, нужеца гьабулеб хIурматияб ишалъулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев**
**ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Магъалоялъ хьихьула пачалихъ

### Гумбет районалда гьоркьоб лъуна налогал ракIариялъул суал

**Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана хIалтIулаб данделъи. Гьеб рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас. Гьеб данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместителал, отделазул, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, администрациялъул специалистал.**

Гьоркьор лъурал суалазул аслияблъун букIана налогал ракIариялъул хIакъалъулъ.

Районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас бицана буголъиялдаса, ракьалдаса, транспорталдаса налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул. Данделъиялда кIалъарав райадминистрациялъул бетIерасул заместитель, финансовияб отделалъул нухмалъулев **РурухIма Халидовас** тIадчIей гьабуна гьел налогал ракIариялъулъ



хIинцлъи биччалеб букIиналда ва гьеб гIунгутIиялъе ахир лъезелъун хIалтIи жигарлъизабизе хIажат букIиналда.

Ракьул налог бакIариялъул бугеб хIалалъул ва гьеб налог кьезе кколезда гьоркьоб специалистаз бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабулеб букIиналъул бицана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

Данделъиялда кIалъазе рахъана райадминистрациялъул бетIерасул заместителал **Малик Маликов, АхIмад Сулайманов,** экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаев,** администрациялъул ишазул управляющий **ИсмагIил Салатгереев.** Гьез абуна жидеца кураторлъи гьабулел росабазул поселениязда, гьединго учреждениязда ва гIуцIабазда налогал ракIари гIуцIа-къан иналъе хIалтIи гьабизе бугилан.

ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас жавабиял гIадамазда тIадкъана налогал ракIари тIоцебесеб иргаялда байбихьизе администрациялъул ва бюджетниял гIуцIабазул хIалтIухъабаздасан. «Налогазул налъаби лъугIизариялъ, гьел ракIари гIуцIа-къан тIобитIиялъ, бакIалъул масъалаби тIураялъе квербакъизе буго», - ян абуна ГIабдулкъадировас.

**«Гумбет» РИО**

САХАВАТЛЪИ

## КIал биччазе садакъа кьей – бергьараб ажру

### Гъоркь Инхо болнухда нухлулазе кIал биччазе шартIал гIуцIун руго

**Рамазан моцI байбихьаралдаса тукабазул ва автозаправкабазул бетIергьабазул хIаракаталдалъун, МахIачхъала – Болъихъ шагьранухда, Гъоркь Инхо росдадаса гIемер рикIкIад гьечIого, садакъа щолеб, кири цIикIкIараб, гIадамазе пайдаяб иш гьабулеб буго.**







КIал биччазе заман щвелелдехун, маркIачIумехалъ нухлул рагIалда столал кванил нигIматалдалъун къачIалел руго. КIал биччазе гьенир гIемерал чагIи лъалхъулел руго. Гьеб садакъа гьабулезул цояв Гъоркь Инхоса МухIамадгIали МусахIажиевас абуна: «Республикаялъул кIваралъул шагьранухда аскIоб буго нижер Гъоркь Инхо росу, кIал биччазе цо-цо росуцоял гурелги, сапаралъ унелги, тIад руссунелги рачIуна. Гьаниб кIал биччазе хIадурула хинаб квен, кьола пихъ, сокал. Баркалаялъул рагIабиги абулаго, лъикIаб гьара-рахьиги гьабулаго щибаб къоялъ уна-анцI-анцI чи».

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:





ГьадигIан инжитго данде гьабураб Дунялалъул боцIи бакьанго гуро -2 гьум



МагIарул мацI лъаларев чи магIарулав гуро -3 гьум



Унтаразул ва холезул къадар дагьлъана -3 гьум



Россиялъ дунялалда ращалъи ва рекъел цIунулел руго -4 гьум

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ПIали-хIажи

№ 31 20 июнь 2016 с.

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# ГьадигIан инжитго данде гьабураб Дунялалъул боцIи бакьанго гуро

### Гьанже заманалъул ашбазчи ГIали Камаловасул макрабиги макьабиги

**«БухIараб бакъул къоялъ, хIеренго балеб цIадакь, царай чIужу ячунеб вечералда рукIана», - абун байбихьулеб буго «МагIаруллъиялъул бищун бегIераб гIакълу» абун жинде цIар лъурав ЦIадаса ХIамзатил цо сатира.**

Ахираб заманалда кутакалда гьерсалги рицунеб, халкъалдасаги жиб цIакъ рикIкIалъараб, ашбазчи ГIали Камаловас жинда тIад къанал чIвалеб бугеб магIарулазул опициалияб «ХIакъикъат» абураб басмаялъул исана биччараб 23 номералда (цебесеб анкьалда бачIараб) доб ЦIадаса ХIамзатица рехсараб «царай чIужу ячунеб вечералъул» бицине хвезабун буго кIигогIан гьумер. Гьеб гIодорчIеялда дол батIиял чагIаз «Аслияб мурад – цолъи» абун цIарги тун бугоан. Амма гьеб дандеруссин гIуцIарав ашбазчиясул макрабазги макьабазги гуккун гьенире рачIарал гIемер рукIун руго, кьорида тIад «магIарул мацIги, махIги, яхIги цIуниялъул суалал гьоркьор лъей» абурал хIанил кескал лъеялъ.

Пикру бугел гIадамазда кинабго бихьула ва бичIчIула. Ахираб 25 соналда жаниб магIарулазул миллияб басма чурхъулеб буго гьанив тIадехун рехсарав ашбазчияс. «ТуригIан цIамгIалаб, цIоро-гъорораб» жиндир ашбазалъ «халатал гъурщал» къинлъаризари гурони, тIокIаб цоги жоялъул ургъел гьев магIарул маданият чIунтизабизе нилъеца виччарав эливашасе гьечIолъиги лъала пикру бугел гIадамазда.

Гьедин бугониги, жеги харги гьев ашбазчи, мунагьал чураяв ГьазимухIамад ГьалбацIовас абухъе, «хьихьун вуго нилъеца». Хьихьарав гIечIого, жив гIорцIуларила, жеги кваназавеян хачадулевги вуго ничги, яхIги, намусги тIубан биларав гьев ашбазчи.

Щиб бакъанха гьес бачараб жиндир иргадулаб «царал бертал»? БатIияб щибго гьечIо. Щибаб рухIчIаголъиялъул жиндирго букIунелъул гьаракь-бакъан. Гьанги кьейила, мохмохги кьейила, кодоб ккун хьихьейила тIири пайда гьечIеб жибиланги лъугьуна цо-цо рухIчIаголъи.

Ашбазчияс магIарулазда гьанжеги абулеб буго: рачIайила, рахьдал мацI цIунулел ххвелалги гьарун, ашбазал церетIезаризе, магIарул мацIалда къватIибе бачIунеб 15 райгазета къазе, цинги ГIали Камалов абурав чи магIарулазул «медиамагнатлъун», ай бакIалъулав Гусинскийлъун яги Березовскийлъун рагIизавизе.

ГIаданиса нах лъугIичIев чияс гьел макраби ва макьаби гIадахъ росиларо, камилаб ботIронир гьединал гIалагьважаял жалги загьирлъиларо.

Халкъалъулги, гьелъул тарихалъулги, мацIалъулги, къисматалъулги агъаз бугел гIадамаз рахьдал мацIалда рахъулел басмабазул къадар ва даража рорхизариялъе гъеж гурун хIалтIи гьабула. Жиндир чехьалъул гурони хиял гьечIев ашбазчи, жив мацIги халкъги цIунулев вугилан абун, пачалихъалъул миналъуб ашбаз «цебетIезавулев» вукIуна.

Гьаниб рехсараб гIодорчIеялда магIарулазда рагIичIеб ва бихьичIеб жо абун гьечIоан. «Дир Дагъистан» абураб машгьураб асаралда ХIамзатил Расулица гьединаб чIамучIаб ва жидее щибго ургъел гьечIеб жо бицунезул мисал бачун буго, «тирулеб, сверулеб гьобоги буго» абун, цого жо такрар гьабун, кечI ахIулев гьунаргьечIил сипат цебе чIезабун.

Дагъистаналъул районазул басмаби къазе бегьуларо. Гьединаб хиял гьабиго халкъалда цебе гьабулеб такъсир ккола. Гьел басмаби буго росабазул ва районазул тарих. Районалъул басмабаз гIезаруна, рагьана дунялалъего Расул ХIамзатовги, Фазу ГIалиеваги, Муса МухIамадовги, цогидалги - нилъер халкъалъул унго-унгоял цIарал.

Гьаб халат бахъараб «царал бертадуе» пардав къазе цебего заман щун буго.

**ГIизудинил ХIамзат**



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Бавудасан гуреб бугъил хIал лъалеб...

## 22 июнь – ракIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул къо

**Столалда цебе лъураб календарь бегулелъул цебе рехун бачIана гьеб къо 22 – июнь. Фашистазул чакмабаз нилъер улкаялъул гIорхъи бахана гьеб къоялъул рогьалилъ. Самолетаз, танказ тIаде балеб гIарада, зодосан рехулел бомбаби, кьижун бугеб ракълилаб халкъ. Кинабго цо лахIзаталъ сверана унго-унгояб жужахIалде.**

ГIорхъода ругел росаби ва шагьарал циндаго лъалъана бидул гIораз. Абадиялъего бицаде хутIана Брест-хъала цIунулезул кьваридаб къисмат. Гитлерица нилъер улкаялде тIаде битIана 190 дивизия, анкьо миллионалде бахараб, Европаялъул тIолалго пачалихъал мукIур гьабураб, чIухIараб армия. Нилъер пачалихъги къезабун, фашистазда ракIалда букIана тIолабго дунялго мукIур гьабизе, гьеб гьезухъа бажаризеги букIана, амма гьезда цебе сангарлъун букIана бахIарчияб, лъиего наку чIвачIеб Советияб халкъ. Гитлерида лъачIо цогидаз гIадин зулму хIехьон ругьунаб гуреб халкъ жинда цебе букIин. Гьеб букIана гьесул кIудияб гьалатI. Гитлериде килищги битIун «Гьав гIабдалас дунял цIадай рехизе буго», - ян абулел рагIаби хъвараб карикатура букIана рагьда цебе. ХIакъикъаталда цIадай рехана гьес дунял – хIасил 50 млн. цIикIкIун чIварав чи.

Нилъее гьеб рагъ лъугьана КIудияб ВатIанияблъун. Рагъулаб лагералде сверун букIана тIолабго улка. ХIалтIулел ва рагъулел рукIана гIицIго цо мурадалъе гIоло – тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло. Гьелъ кибго бажарулел хIатIазда гьоркь ракь гьалдолеб букIана. Гьел къуна инжитго. Амма нилъее камуна 27 млн гIолохъанчи. Рагъул балагь, гьелъул кьогIлъи хьинтIичIеб цониги хъизан гьечIо нилъер росабалъ.

71 сон тIубана нилъеца Бергьенлъи босаралдаса. КигIан рикIкIаде гьеб тарих аниги, КIудияб ВатIанияб рагъ, гьелъ гьабураб зарал, чIварал васал нилъер ракIазулъ хутIула. Гьединаб балагь нилъеде бачIараб къо – 22 июнь кигIан талихI къосараб бугониги, гьебги ана тарихалде. Тарихалде унел чIегIерал къоял рихьизе хъван батугеги нилъер наслабазда.

**«Гумбет» РИО**

АБЕ ДУЦА ХIАКЪАБ ЖО, ХIИНКЪИЧIОГО, КВЕШАБГИ

# Районалъул басма – гIумрудул матIу

## МагIарулазул районазул басмаби къай – рукъ бикъараб «садакъа»

**Дица цIалана 2016 соналъул 10 июналда къватIибе биччараб республикаялъул «ХIакъикъат» газеталда (№23) бахъараб «Аслияб мурад – цолъи» абураб макъала. Гьелдасан загьирлъулел руго «ХIакъикъаталъул» жамгIияб советалъул данделъиялда рорхарал кIвар бугел суалазда цадахъго, авар мацIалда къватIире риччалел райгазетазул киналго хIалтIухъаби разилъуларел пикраби.**

«ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор **ГIали Камаловас** цебеги чанго нухалъ борхун букIана, районалъул газетазул редакциялги къан, «ХIакъикъаталда» гьоркьоб щибаб магIарул районалъе гьурмал кьун, районазда бугеб ахIвал-хIал цIалдолезухъе щвезабиялъул санагIалъи букIинин ва бюджеталъул гIарац нахъе тIокIлъилин абураб суал. Чанабилел сонал гьел рукIаралали ракIалда гьечIо, Камаловасул пикруялъул рахъ кколев чи вахъинчIо ва райгазеталги рукIахъе хутIана. Гьале исанаги гьебго суалгун цеве вахъунев вуго. Цебехун рехсараб данделъиялда ГIали Камаловасги, гьенир кIалъарал цо-цоязги бицаралда щиб районалъул редакциялъул хIалтIухъаби разилъизе ругел, дида ракIалде ккола, районазул нухмалъулелги разилъиларин. Райгазета буго районалъул матIу, гьелда рахъулел батIи-батIиял информациязеги, къватIире кьечIони законалъул къуваталде унарел документазеги ва цогидалги «ХIакъикъаталда» Гумбеталъе къурал дагьалго гьурмазда бакI гIезе бугебищ? ГIеларо, цо-цо мехалда гьединал кIвар бугел материалаз «Гумбеталъул» 8-16 гьумергицин цIола.

«Гумбет» газеталъе материал ва суратал хIадурула щуго хIалтIухъанас. Харжалги цIикIкIаразе 8 - 9 азарго гъурущалдегицин бахунаро. БукIаниги тIадаб хIалтIи намусалда тIубазе хIаракат бахъула. Авар мацI бацIцIадго цIуниялде, къватIибе магIна гьваридал информациял кьеялдеги кIвар буссинабула. Редакциялда гIурус мацIалде авар мацIалде материалал руссинаризе хасгьабун тарав чи гьечIолъиялги, авторазе гIурус мацIалъ риччазе бокьилаги, документазул магIна хвелебинги, гIурус мацIалда риччала цо-цо материалал.

Газета цIалулезул цо-цояз гьоркьо-гьоркьоб гIурус мацIалда рахъизе бокьунгутIи загьир гьабуниги, нижер рес букIунаро редакциялде рачIухъе гьел рахъичIого. Амма бажарарабгIан, хадур гьунагIан, авар мацIалде руссинарун къватIиреги кьола.

Районазул газетаздаса районазул бутIрул рази гьечIилан абулеб буго Камаловас.

Гумбет районалъул нухмалъулезул мисал бачина, гьел рази рукIуна, кумекги гьабула, райадминистрациялъул заседаниязда зама-заманалда газеталъул хIалтIухъаби хIакъалъулъ суалги гьоркьоб лъун, кьиматги кьола.

«ХIакъикъат» газеталъул тираж гIодобе ккун бугиланги рехсолеб буго. Авар мацIалда рахъулел райгазетал къанилан, гьелъул тираж цIикIкIинадай? Дир хIисабалда, цIикIкIинаро, учузго чIолеб райгазета хъвазе бокьуларел, мукъсанабго бугониги харжалцин щоларел бакъулълазул росабалъ гIадамаз 900 - гIан гъурущги кьун «ХIакъикъат» хъваладай. 48 гьумер бугеб газета, райгазеталги цолъизарун къватIибе биччани, лъагIалие подпискаялъул багьа азарго гъурущалдеги бахинеб батила.

«ТIолалго районазул газеталги «ХIакъикъаталда» цолъизарун, гIаммаб газета биччани, гьеб хъваялъул, гьеб цIалдолезухъе щвезабиялъулги хIалтIи гьабизе биччанте газеталъул хIалтIухъабаз, газетал хъвазе тIалаб гьаре школаздасан», - абун хъвалеб буго «ХIакъикъаталда». Почалъул хIалтIухъабаз тIубазабулагури гьеб борч. Почтальонал щун, редакциялъул хIалтIухъаби ун, гьардухъаби кинигийищ рукIинел газета хъвазабулел. Чан чи хадув лъугьинев подписка гьабеян. Редакциялъул хIалтIухъабиги школаги гьедин лъугьине почтальоназе рекIее гIоларогури. Школазул хIалтIухъабиги, лъималазе тарбия-лъай кьеялдаса гьеб ишалдейищ регIулел?

Газетал къватIире риччазе байбихьаралдаса 85 сон тIубарал районалги руго, масала, Шамил районалъул «Цолъи» газеталъ дагьаб цебегIан кIодо гьабуна гьеб юбилей. «Гумбет» газета къватIибе биччалеб буго 1952 соналдаса, тIасияб соналъ 65 сонил юбилей кIодо гьабила гьелъги, Аллагьас хъван батани. Гьелгощинал соназ нилъер тарихги, маданиятги, цебетIейги, ругел гIунгутIабиги ва цогидабги халкъалъе загьир гьарулел райгазетал районазда къватIире риччаялдаса, «ХIакъикъатгун цолъизарун риччан лъикIилан абулеб пикру дица битIараблъун рикIкIунаро, гIумрудул 49 сон газеталъулгун бухьеналда унеб бугей дун гьелда рази гьечIо. Нилъедего цIараб цIахаялъ гурони, нилъ лъикI хинлъизарурин абухъего батила Камаловас райгазетал цолъизариялъул суал борхулеб бугеби. Бокьилаан газета цIалулезги, нужерго пикраби загьир гьарун, редакциялде кагътал ритIизе.

**Къурмагьиз ХIадисова,**
**«Гумбет» газеталъул**
**жавабияй секретарь**

АВАРАЗУЛ КАЛАМ - ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ!

# МагIарул мацI лъаларев чи магIарулав гуро

## МугIрузул росабалъ кIиабилеб цIалул план хIажалъуларо

**МагIарул мацI малъиялъул масъалалабазул бицунеб буго нилъер рахьдал мацIалъе хъулухъ гьабулаго 93 сонил ригьалде къоял щварав Гъуниб мухъалдаса журналист ва мугIалим Зайнудин Зайналовас.**

### ГIали-хIажиясул сатираги МахIмудил пасихIлъиги

ТIолабго гIумру нилъер мацIалда хурхен-бухьен бугеб букIана дир. Жакъа гьеб гIумруялдаги дир рекIее рахIат толеб гьечIо гьелъул букIинесеб къисматалъ, метерисеб къоялъ, мацIалъул щибдай букIинебан абураб суалалъ.

Гъуниб педучилищеялда рахьдал мацIалъул учительлъун хIалтIулеб, рагъдаса хадусел соназдаса нахъе, 50 соналдаса цIикIкIараб заманалда, дирго аслияб хIалтIуда цадахъ, мухь босичIого, дица нухмалъи гьабуна Гъуниб районалъул школазда рахьдал мацI ва литература малъиялъе. ВукIана гьеб ишалъул кураторлъун. Гьанже гьеб хIалтIи гьабулеб буго, лъикIаб харжги босун, хасал гIадамаз.

Дида бажарулаан, инспекторзабазул халгьаби бугеб мехалъ, гьеб хIалтIи гьабулев учителасул 10 – 12 дарсиде инеги, контролияб хIалтIаби гьаризеги, цIалдохъабазул лъаялъул даража борцинеги, бажарулаан методикияб кумек гьесие гьабизеги, гьесул батараб лъикIаб хIалтIи цогидазухъе щвезабунги, хIалтIул планазулги, программабазулги, журналазулги, хIатта тетрадазулгицин халгьабизеги.

Гьарулаан учительзабазул сценариялги, цIалдохъабазул олимпиадабиги, тасдикъ гьабураб графикалда рекъон, учительзаби ритIулаан лъай камил гьабиялъул курсаздеги. КIочон толароан дидаго тIад хIалтIизеги. Подписка гьабулаан магIарул газетазе ва журналазе, чIезарулаан гьезие кваригIарал тIахьал ва цогидаб учителасе хIажатаб материал (гьеб дирго хъулухъалъул тIадаб ишги букIана). Нижер Гъуниб район кинабго рахъалъ букIана лъикIазда гьоркьоб. Гьелъие квербакъи гьабулаан районалъул школазда рукIарал 10-12 бажари ва махщел бугел учительзабазги.

МагIарул мацI, болмацI, гIаммаб мацI, литературияб мацI, рахьдал мацI, кинаб къагIидаялъ абуниги, гьеб буго нилъер мацI, нилъер хазина, нилъер чIухIи, нилъер рухIияб бечелъи. Бечедабги буго нилъер мацI. Сугъралъ гимназиялъул учитель ГIумар Хазамовас (КIудияв Хазамовас) абулаан ГIали-хIажиясул сатираги МахIмудил пасихIлъиги нилъер халкъалда бичIчIизабизе кIолеб мацI мискинаб букIунарилан.

Нилъер рахьдал мацI цIунизеги лъазеги бокьун, гIемераб хъвалеби бицунебги буго, амма роцIцIараб, ракI разияб хIасил кколеб гьечIо. Гьеб суал тIубалеб гьечIо, «амин» абулареб дугIа гIадинан хутIун буго. Руго гьелъул къиматги гьабуларел, магIнаги бичIчIуларел, ургъел гьечIел гIадамалги.

### Рахьдал мацIалъул къимат бичIчIуларев директор – къосун ккарав чи

Дагьал церегIан соназ дун ккана цо классалъул умумузул данделъиялде. Гьениб классалъул нухмалъулелъ борхана кинаб цIалул план тIаса бищилебин абураб, директорас тIадкъараб суал. Гьелъ хIаракат бахъулеб букIана кIиабилеб цIалул план пайда цIикIкIараб бугин бичIчIизабизе, лъимал вузазде рорчIизе, иш бажарулеллъун рахъине, гIурус мацIалъул дарсал цIикIкIун лъуни, лъикI букIунин абураб магIна букIана гьелъул, хIадурго чIезарун ругоан гьелъул рахькун кIалъазе гIадамалги. БатIи-батIияб миллатазул цIалдохъаби руге бакIалда гурони, гьеб план кваригIунарин дицаги дида цадахъ вукIарасги гьабураб кIалъай гIададисеб ккана. Гьединал хIукмабиги гьарулел, харбалги рицунел гIадамалги дандчIвала, хъвазеги цIализеги лъани гIоларебищ, тIокIабги щиб нилъее хIажалъулебин абулелги ккола. Цо-цо школалъул директорги лъугьуна, цIакъаб жо гьабулев гIадин, рахьдал мацIалъул мугIалимасул сагIталги дагь гьарун, кIиабилеб цIалул план тIаса бищизе. Гьев вуго дов къосун ккарав чи. ГIурус мацI кваригIинарин абулев чи гуро дун, гьеб нилъее гьечIого гIоларин абуна нилъер нухмалъулезги.

Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялъул кIиабилеб цIалул планалда рекъон цIали гьабеян къураб буюрухъги гьечIо, Тахо-Годил цIарада бугеб педагогикияб цIелмиял цIех-рехазул институталъул рихьизариялги руго гьелъул хIакъалъулъ. Буго школалъул уставги Федералиял Законазул тIалабалги. Цого цIалул планазул бицунел рукIинчIого, дица гьелдаса цебесеблъун рикIкIуна шагьаралъулги хьутабазулги школазда миллатазул мацIазда кьолел дарсазде кIвар буссинаби. ЗахIматго буго гьениб учительзабазе хIалтIи гьабизе, сагIтазул къадарги гьениб дагьго буго, руго цIалдохъаби мацI лъикIго лъалелги, дагьго лъалелги, лъазего лъаларелги. Гьединаб хIал бугеб мехалъ, кваригIуна хасал программабиги, методикиял рихьизариялги, хасал тIахьалги, берзулал пособиялги.

Дагьаб цебе букIараб миллиял мацIазул учительзабазул данделъиялда бахъараб суратальухъ балагьараб мехалъ, бихьулеб букIана киназдего гIагарун учительзаби руччаби рукIин, гьел рукIинго лъикI, бихьиназул гьел шартIазда хIалтIи гьабизе сабру гIелароан. Шагьараздаги ратулел руго дол цIодоралин чIарал гIалимзаби. Гьезул цояс газеталдасан абулеб буго шагьаралъул школазда миллиял мацIал малъи пачалихъалъул иш гурила, гьеб халкъалъул иш бугила. Гьезие гьеб цIакъго бокьун батани, гIарацги бакIарун, мацI лъазабизе кружокал гIуцIизе гIадамал лъицаго гьукъун гьечIила. Газеталъги биччан тун буго гьеб («ХIакъикъат», 22 октябрь, 2010 сон). Гьеле гьебги буго мацI хIабургъинабулезул хабар. Суалалги, гьабизе кколеб хIалтIиги, гIунгутIабиги гIемерал руго. Цо-цо бакIалда рахьдал мацIалъул дарсал кьолел руго батIияб махщелалъе цIаларал гIадамаз. КIудияб гIелалъул мугIалимзабазул гьанжесеб технология, компьютерал хIалтIизаризеги, стандартал тIуразаризеги тIубараб махщел гIолеб гьечIо, ДГПУялъул ва ДГУлъул филологиял факультетаз къватIире риччалел руго гIураб хIадурлъи гьечIел махщалилал. ХIажатаблъун бихьулеб буго аттестатазаги авар мацIалъе къимат букIине, гьез ЕГЭги кьезе ккола, цIалул планазда хадубги хьаравуллъи букIине ккела.

ТIадехун бихьизабурабги бицинчIого хутIарабги жиндир бакIалде бачIине ккани, кваригIун буго Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул миллиял мацIазул хIакъалъулъ къучIаб хIукму, закон, къанун букIине, мацIги унго-унголъунги пачалихъалъулаблъун гьабизе, кружокал гьареянги хъвачIого букIине.

ГIелмияб къагIидаялъ мацIалъе къимат кьезе гIураб лъаялъул чи гуро дун, мацIги бокьулев, гьеб лъазабиялъеги цIуниялъеги бажарарабщинаб жоги гьабурав гIадатияв мугIалим, 70 соналъул педагогикаялъулаб хIалтIул стажги бугев, херав чи вуго. РагIуе эркенлъи кьун букIаго, дица абулеб буго нилъер мацIалъе къорлъун бугеб кIиабилеб цIалул план нилъее хIажатаб гьечIилан. Гьаб макъалаялда рази гьечIев чияс жиндирго пикру загьир гьабизе бегьула.

### ХадурагIи:

МагIарул мацI лъаларев чиясда магIарулавин абизе разияв гьечIо дун. Эбелалъул мацI бицунарев чи эбелалъул вас кколаро. Буго нилъер бечедаб мацIги, руго гIакъилал кицабиги, абиялги, бахIарзал кIодо гьарулел кучIдулги, бегIераб рагIиги - гьеб кинабго цIунизе ресал ратулел гьечIо нилъеда.

Газетайищ цIалилареб, кагъатищ хъвалареб? МагIарул кечIгIаги бичIчIизе ккеларищ? Зигараяльищ ине гьечIев, магIарул мацIалда зигара базе лъаларев чи? МагIарул фольклорги, адабиятги, маданиятги, искусствоги кваригIинехьин гьечIо гьесие. ГодекIанги щибизеха гьесие. Руго гурищ нилъер цо-цо хьизанал, рокьор лъималазда гIурус мацIалъ кIалъалелги?! Хьизаналда буго бищун кIудияб гIайиб. ГьабсагIат лъайкьеялъулъ кваригIараб жо буго ватIанги халкъги рокьиялъул тарбия.

Гьаб макъала «Гумбет» газеталде битIулеб буго, магIарулазул бюджеталъулаб «ХIакъикъат» газеталде ГIали Камаловас дие нух къан буго. ГIали Камалов гьавилелдего магIарул газеталъул вукIарав мухбир, селькор, корреспондент ккола дун. ГIумруялъул ригьги 93 соналде бахана. «ХIакъикъат» газета редакторасул буголъи ялъуни ирс кколаро, пачалихъалъ, халкъалъ хьихьараб идара буго, халкъалъул мурадазе гIоло хIалтIизе тIадаб. ГIали Камалов махщелчи, профессионал гуро, Дагъистаналъул бетIерлъун вукIарав МухIамад Юсуповас гьеб хъулухъалда къазаврав чи вуго. ЛъугIизабулеб буго МухIамад БисавгIалиевасухъего: «ЛъикIаб бихьаги, лъикIаб ратIанги!»

**Зайнудин Зайналов,**
**Гъуниб росу**

ТIИБ

# Унтаразул ва холезул къадар дагьлъана

## 19 июнь – медицинаялъул хIалтIухъанасул къо

**Щибаб соналъ июнь моцIалъул лъабабилеб гьатIан къоялъ медицинаялъул хIалтIухъабаз кIодо гьабула жидерго махщалилаб байрам – медицинаялъул хIалтIухъанасул къо. «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан дандчIвана районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтир МухIамад СайгидахIмадовгун.**



**- МухIамад, нужерго махщалилаб байрамалда хIалтIулъ кинал хIасилалгун дандчIвай гьабулеб бугеб?**

- Исана ункъабилеб сон буго Дагъистаналъул бетIерасул приоритетнияб проекталда гьорлъе кколеб чIахIияб гIелалъул хасаб къокъаялъул халгьаби униб бугелдаса. Гьеб халгьабиялъул план 5 моцIалде тIубан буго 38 проценталь. Лъималазул халгьабун лъугIана МелъелтIа, Аргъвани, ЦIиликь, Ингишо, ЛъаратIа, Данухъ ва хъутабазда ругел росабалъ. 2015 соналъул ноябрь моцIалда Гумбет районалда тIоцебе тIобитIана 12 мугIрузул районазул тохтурзаби гIахьаллъараб рекIел унтабазул гIелмияб конференция. Гьелда гIахьаллъана Москваялдаса вакилзаби, республикаялъул бетIерав терапевт ва гьеб ана тIадегIанаб даражаялда.

Араб соналъул щуго моцIалде дандеккун, гьаб соналъул гьебго заманалда дагь ккана гIадамал хвеялъул хIужаби, гьездаго гьорлъ лъагIел тIубачIел лъималазул къадарги. Дагьлъун буго туберкулезалъ, онкологиялъ унтаразул къадарги. Хасго лъикI гIуцIана медхIалтIухъабаз, бидул тIадецуй бугел гIадамазда гьоркьоб сахлъи цIуниялъе чара гьечIого гьаризе кколел тадбирал баян гьариялъул иш.

**- Камун ратиларо гIунгутIаби?**

- ХIалтIулъ гIунгутIаби камуларо. Абизе бокьун буго нилъер районцоязул жидерго сахлъи цIуниялдехун бугеб бербалагьи къадараб букIин. Унтиялъ хIалгьабидал гурони тохтурасухъе рачIунгутIи ва гьесул малъа-хъваял тIуразарунгутIи. Ахираб лъабго соналда жаниб ЦРБялъе сахлъицIуниялъул министерствоялдасан, гIарац гьечIолъиялда бан, щолеб гьечIо хIалтIуе хIажалъулеб медицинаялъулаб оборудование. Районалда гIолел гьечIо специалистазул къадар, хасго реаниматолог, инфекционист, эпидемиолог, неомотолог. Гьелде тIадеги нижее РФОМСалъ араб соналъул декабрь моцIалъул гьабураб хIалтIухъ жеги цо копеек гIарац кьун гьечIо. Гьелдалъун нижер хIалтIулъ лъикIалан захIмалъабиги руго.

**- ЛъикI хIалтIулел медхIалтIухъабазул цIарал рехселарищ?**

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» газета – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2016

**Хириял районцоял! Ахиралде щолеб буго 2016 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьаби. Районалда гIадатлъун лъугьун буго газета почалъул отделениялдасанги редакциялдасанги хъвай.**

Редакциялдасан учреждениязул ва гIуцIабазул хIалтIухъабаз районгазета хъван буго тIубараб лъагIалиего. Почалъул отделениялдасан гIемерисез тIоцебесеб бащдаб лъагIалие гьабун букIана, лъагIалиего цадахъго гьабичIого. КIиабилеб бащдаб лъагIалие почалъул отделениялдасан районгазеталъул багьа 183,48 гъурущалде бахун буго.

Багьаялда тIаде бачIараб дагьабго гIарацалъухъ балагьичIого, районалъул гIумру бихьизабулеб матIу «Гумбет» газета кIиабилеб бащдаб лъагIалиеги хъвазе букIиналда ракIчIараб буго информациялъул отделалъул.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, газета цIалулел, нужер хIаракаталдалъун кIвезе буго районгазеталъе, кIиабилеб бащдаб лъагIалие хъван букIаралдаса цIикIкIинабизе. Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

Ганжеялде районгазетал хъваялъе хIаракатчилъи бихьизабун буго МелъелтIа, Данухъ, ЛъаратIа росабазул администрацияз, жидеца почалъул отделениязде гIарацил рехун, кIиабилеб бащдаб лъагIалие 100 – 30 - 20 «Гумбет» газета хъварал. ЛъикIаб букIинаан цогидал администрациязе нухмалъулезги гьездасан мисал босани.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

## Берал къанщунилан, къадру холаро



**Халат бахъараб, захIматаб унтудаса хадуй Аллагьасул къадар щун нилъедаса ятIалъана лъикIай, иман-яхIалъул цIурай инсан, ракIбацIцIадай мугIалим ГIалиева Разият МухIамадовна. Гьей гьаюна 1976 соналда МелъелтIа росулъ.**

МелъелтIа гьоркьохъеб школалда 9 классги лъугIизабун, цIализе лъугьана Хасавюрталда бугеб колледжалде лъикIал къиматазда гьеби лъугIизабун хIалтIизе ячIана гIагараб школалде байбихьул классазул учительницалъун. Хадуй цIализе лъугьана Дагъистаналъул педагогиял пединститутазул филологияб факультеталде. УнтизегIан Разият МухIамадовна хIалтIулей йикIана гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалимлъун. Гьей йикIана лъималазе ракI рагьарай, коллективалъулгун дандеккезабулей гIадан.

Разият МухIамадовна, нижеда мун киданиги кIоченчIо, ва кIоченеги гьечIо, Аллагьас алжан насибайлъун гьаеги мун, хъизан-лъималазе, гIагабожаразе сабруги кьеги.

**МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул коллектив**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

**2011 соналдаса хисулел руго медицинаялъул страховиял полисал. Гьел хисичIел чагIи полисал хисизе рачIа гьал хадур рехсарал документалги росун: паспорталъул копия, свидетельствоялъул копия, СНИЛС.**

**Мадинат ГIамирханова**

ЗИГАРА

**МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул нухмалъулев ШагIбан ХIапизовасда ва «Московский комсомолец в Дагестане» басмаялъул бетIерав редактор Юсуп ХIапизовасда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, эбел Пирдавус Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе гIумруги кьеги.**

ПАЧАЛИХЪИЯБ БАЙРАМ

## Россиялъ дунялалда ращалъи ва рекъел цIунулел руго

### Гьедин бицана Килаль росдал бегавул АхIмад Каримовас

**10 июналъ Килаль росдал маданияб централда кIодо гьабуна Россиялъул къо. Кодор Россиялъул байрахъалги, пачалихъиял гIаламатазул сураталги ккун, лъималазул къокъаби рачIана росдал маданияб централде. Росдал учреждениязул хIалтIухъабиги гьел лъималги гIахьаллъун тIобитIана конференция «Россия - мун нижер чIухIи» абураб ахIиялда гъоркь.**

Конференция рагьана маданияб централъул нухмалъулев **Исрапил Заирбеговас**. Киназдаго байрамги баркулаго, гьес бицана Россиялъул жакъасел миллиял бечелъабазул, дунялалда Россиялъул бугеб кIвараялъул ва бергьенлъабазул. Хадув кIалъазе вахъарав росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас** бицана Россиялда кколел ругел лъугьа-бахъиназул, дунялалъулго сиясатазда нилъер пачалихъалъул бугеб хIурматалъул ва рекъел цIунизе Россиялъул хIаракаталъул. Гьенир кIалъазе рахъана росдал библиотекаялъул нухмалъулей **Гъумайзат Запирова**, яслиахалъул тарбиячIужу **Аминат ИсламгIалиева**. Хадур лъималаз цIалана Россиялъул хIакъалъулъ кучIдул, гьаруна Россиялъул халкъазул батIибатIиял кьурдаби.

**«Гумбет» РИО**

## Унтаразул ва холезул къадар дагьлъана

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

- МедхIалтIухъан къойил дандчIвала унтаравгун. Гьезухъ гIенеккула, халгьабула, хъвала дару.

Гьединлъидал гьесие ва гьесул хIалтIуе къимат гIадамаз, унтараз кьола. Гьеб къиматги тIадегIанаб букIуна бетIерав тохтирас кьолеб къиматалдаса. Дица абила, киналго медхIалтIухъабиги гьезул хIалтIиги бугин бищун тIадегIанаб къиматалъе мустахIикъаб.

**Махщалилаб байрамги баркулаго, медхIалтIухъабазе щиб дуца гьарилеб?**

- Гьарула щивасе талихIаб гIумру, щулияб сахлъи, рохел, гIадамазул сахлъи цIуниялъул жавабияб ишалъулъ цебетIей.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА КЪУРДАГИ РЕКIУНЕБ

## Кверги зарги кинигин...

### Гумбеталъул маданиял хIалтIухъаби – ТIолгороссиялъул акциялда

**12 июналда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул хIалтIухъабаз гIахьаллъи гьабуна «Цадахъ ругони, нилъ къуватал руго, цадахъ ругони, нилъ россиялъулал руго» абураб ахIиялда гъоркь тIобитIараб «Россиялъул халкъазул гьудуллъиялъул парад» ТIолгороссиялъул акциялда. Миллияб ретIелги ретIун 15 гIанасев хIалтIухъан ун вукIана нилъер тахшагьаралде.**



Гьеб тадбир тIобитIана МахIачхъалаялда, Ленинилаб комсомолалъул цIаралда бугеб культураялъул ва хIухьбахъиялъул паркалда.

**Гумбет «РИО»**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Администрация МР «Гумбетовский район» в порядке информации доводит до предпринимателей, занимающихся по перевозке пассажиров следующее:**

В целях повышения качества государственных услуг в сфере транспорта, создания системы контроля за результатами деятельности перевозчиков различных форм собственности, в соответствии с подписанным соглашением о взаимодействии между Минтрансэнергосвязи РД и учреждением РД «Многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в РД» (УМФЦ в РД), выдача и переоформление разрешения, выдача дубликата разрешения на осуществление деятельности по перевозке пассажиров и багажа легковыми такси на территории Республики Дагестан производится через многофункциональные центры.

Документы для получения разрешения необходимо подать в филиал МФЦ по Гумбетовскому району.

**И. о. главы МР «Гумбетовский район» Абдулагаджи Абдулкадиров**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.